



Gid itilizatè pou Korektè Òtograf Kreyòl la (KÒK)

Gid itilizatè pou Korektè Òtograf Kreyòl la (KÒK)

Anvan tout bagay, fòk nou konnen pwogram KÒK la mache ak lojisyèl sa yo:

- **Open Office 3.0** ak sa ki vini apre yo.
- **Firefox 2.1** ak sa ki vini apre yo.
- **Thunderbird 2.0** ak sa ki vini apre yo.

Pou Microsoft Word nou ka toujou ajoute lis mo Kreyòl yo nan diksyonè pèsonalize a.

Dokiman sa a montre kijan pou enstalasyon pwogram lan fèt pou Open Office ak Firefox.

I – Enstalasyon pou Windows XP/Vista osinon Linux



1. Enstalasyon KÒK sou **Open Office 3.0** ak sa ki vini apre yo

1.1 Enstalasyon si ou telechaje fichye a

- a) Telechaje fichye **hunspell-ht-0.02.oxt** la nan lyen sa a:

<http://kok.logipam.org/telechaje.php>

- b) Ouvri **Open Office writer** pa egzanp, ale nan **Tools/Outils**
=> **Extension Manager / Gestionnaire d'extension** answit
klike sou **Add/Ajouter** e al chèche fichye **hunspell-ht-0.02.oxt**
la nan dosye sou òdinatè a, epi klike sou **Open/Ouvrir**. Yon
mesaj ap mande w si ou vle enstale l reponn wi, menm kote a,
korektè a gentan pare pou mache sou machin nan.





Gid itilizatè pou Korektè Òtograf Kreyòl la (KÒK)

Gen yon lòt fason pou fè enstalasyon a avèk fichye a. Fè yon klik dwat sou fichye **hunspell-ht-0.02.oxt** la epi klike sou **Install/Installer**. Menm kote a bwat dyalòg **Extension Manager/Gestionnaire d'extension** ap parèt ak tout yon mesaj ki mande w si ou vle enstale pwogram lan. Klike sou **Yes/Oui**, menm kote a korektè a gentan pare pou li mache sou machin nan.



1.2 Enstalasyon KÒK dirèkteman depi entènèt


Ouvri Open Office Writer ale nan **Tools/Outils** ==> **Extension Manager / Gestionnaire d'extension** ansuit klike sou **Get more extension online**, yon paj wèb ap afiche e wap chèche Korektè Òtograf Kreyòl. Telechaje ekstansyon an epi swiv etap yo pou fini enstalasyon an.

2. Enstalasyon KÒK sou Firefox 2.1 e sa ki vini apre yo

2.1 Enstalasyon si ou telechaje fichye a

a) Telechaje fichye **ht-HT-dictionary.xpi** a nan lyen sa a <http://kok.logipam.org/telechaje/ht-HT-dictionary.xpi>

b) Fè yon klik dwat sou fichye **ht-HT-dictionary.xpi** a, nan kote ou te telechaje l sou òdinatè w la, ansuit klike sou **Open with/Ouvrir avec**, epi klike sou **Firefox**



osinon al chèche **Firefox** nan **choose program/choisir programme**. Yon bwat dyalòg ap parèt, klike sou **Install now/Installer maintenant**.


c) Lè enstalasyon an fini Firefox ap mande ou pou redemare l, fè sa pou ka kòmanse itilize korektè a.



Gid itilizatè pou Korektè Òtograf Kreyòl la (KÒK)

2.2 Enstalasyon dirèkteman depi entènèt


a) Ouvri **Firefox**, ale sou lyen <http://kok.logipam.org/telechaje/ht-HT-dictionary.xpi> a osinon sou <https://addons.mozilla.org/fr/firefox/addon/48577>, telechaje ekstansyon an, yon bwat dyalòg ap mande w si ou vle enstale l, di wi, **Firefox** ap mande w pou redemare l, fè sa a epi ou ka kòmanse itilize korektè a.



II – Itilizasyon KÒK

1- Itilizasyon KÒK sou Open Office

Li senp pou itilize KÒK ak **Open Office**: fè yon klik dwat sou mo ki souliye en wouj yo epi chwazi yon mo nan sa machin nan pwopoze yo. Pa egzanp, si nou t ap ekri **Kreyèn** epi nou ekri **Kretien** nan plas li, machin nan ap pwopoze w yon lis mo dapre imaj a kote a.





Gid itilizatè pou Korektè Òtograf Kreyòl la (KÒK)

Kòm ekip ki ap devlope Open Office la poko kreye yon lokalizasyon pou Haiti ak lang Kreyòl Ayisyen an, koreksyon yo ap fèt sou lang pa defo ke wap itilize sou Open Office. Sa vle di si lang pa defo Open Office ou a se Anglè, pwopozisyon koreksyon yo ap fèt ansanm ak Anglè. Ekip Logipam lan ap travay men nan men ak ekip devlopman Open Office lan pou rezoud pwoblèm sa a nan yon tan ki pa long.

2 - Itilizasyon KÒK sou Firefox

Korektè òtografik sou Firefox sitou sèvi pou korije imel w ap voye ou byen lè w ap sèvi ak nenpòt ki chan tèks. Pou itilize l, sou mo ki ekri an wouj nan yon chan tèks, fè yon klik dwat epi klike sou **Languages/Langues**, answit seleksyone **ht_HT** pou ka kòmanse fè koreksyon.



Pa egzanp, ke nou vle ekri **sistèm**, e nou fè fot nou ekri **sistem**, KÒK ap pwopoze n yon lis mo men jan ak imaj ki sou kote a, nou sèlman bezwen klike sou mo ki bon an.

